



Pou Piblikasyon Imedya: 29/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLAN DAKSYON POU REKIPERASYON POU EDE NOUYÒKÈ KI TE AFEKTE PA SIKLÒN MÒTÈL LA

Sa vini yon lane apre ouragan Ida te frape New York

Peryòd kòmantè piblik la ouvè kounye a pou sibvansyon pou rekiperasyon pou ranfòse rezistans

Odyans yo ap fèt nan dat 8 septanm ak 13 septanm

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a piblikasyon Plan Daksyon Biwo Rekiperasyon apre Katastwòf (Governor's Office of Storm Recovery, GOSR) Gouvènè a pwopoze pou rekipere apre Ouragan Ida, ki te frape yon lane de sa, epi pou ranfòse rezistans kominote yo kont tanpèt alavni yo. Plan yo pwopoze a genyen ladan l 41.2 milyon dola finansman federal pou sipòte inisyativ k ap ede rezidan yo adapte ak efè chanjman klimatik la pandan l ap bay kominote ki defavorize istorikman yo priyorite.

"Pandan Nouyòkè yo ap kontinye rekipere apre Ouragan Ida a, nou rete angaje konplètman pou rekonstui enfrastrikti nou, espesyalman nan kominote ki pi vilnerab nou yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Plan Daksyon nou an ap bay finansman pou lojman, biznis, ak lòt pwogram kle yo priyorite nan zòn ki pi afekte epi ki pi an detrès yo - k ap ede asire ke tout Nouyòkè yo remonte pandan n ap rekipere. Pandan n ap fè fas ak efè chanjman klimatik la, n ap kontinye fè tout sa nou kapab pou ede Nouyòkè yo ak kominote yo rekipere apre move tan yo."

Gouvènè a te anonse tou ke Eta a ap resevwa opinyon piblik la sou plizyè pwogram ki pwopoze k ap remede ak domaj ki lye ak Ida yo nan kay rezidansyèl yo, pou amelyore rezistans pou diminye risk kont domaj alavni, epi pou konsantre sou rekiperasyon kominote ki gen revni ki fèb a modere yo. Nou envite Nouyòkè yo pou bay kòmantè sou plan an [isit la](#) anvan 28 septanm, lè yo patisipe nan odyans piblik sou plas nan dat 8 septanm a 6:30 pm nan Meri Vil Rochelle, oswa nan odyans vityèl nan dat 13 septanm a 6:30 pm ([klike la pou enfòmasyon sou rankont vityèl la](#)).

Nan dat 1ye septanm 2021, Ouragan Ida te inonde kay ak wout yo, ki te lakoz 7.5 milya dola domaj epi li te tye [17 Nouyòkè](#). FEMA te idantifye domaj inondasyon yo a 11,000 kay. Nan kòmansman sezon prentan sa, Depatman Lojman ak Devlopman lben

(Department of Housing and Urban Development, HUD) Etazini an te anonse yon [alokasyon 3 milya dola nan fon CDBG-DR](#) pou ede kominote yo rekipere nan fason ki ekibab apre katastwòf, ki genyen ladan yo Ouragan Ida, epi konstui rezistans kont chanjman klimatik la. GOSR te atribye 41.2 milyon dola pou sipòte pwogram yo pwopoze jodi a yo.

Aprè peryòd kòmantè piblik la ki ouvè depi kounye a jiska 28 septanm, GOSR ka aktyalize Plan Daksyon an dapre fidbak ki soti nan kòmantè ak odyans yo. Tout mizajou yo ap [disponib isit la](#). Ajans lan ki enfòmè sou baz pwosesis ki oryante sou katye GOSR te itilize pou planifye pwojè yo apre Siklòn Sandy, ap travay aprè sa ak kominote lokal yo, ofisyèl eli yo, ak pati ki enterese yo pou fòmalye plan pwojè yo epi aplike konstriksyon an.

Direktris Ekzekitif Biwo Rekiperasyon aprè Tanpèt Gouvènè a, Katie Brennan, te deklare, "Ouragan Ida se te yon rapèl flach ke pwochen ijans klimatik la se pa yon kesyon de si, men kilè. Plan Daksyon nou an ap ede Nouyòkè yo rebati epi pran mezi pou kenbe tèt yo an sekirite alavni."

Plan Daksyon ki pwopoze a reflekte mwa sansibilizasyon pou ofisyèl lokal yo, lidè kominotè yo, òganizasyon san bi likratif yo, otorite lojman piblik, ak lòt ajans gouvènman yo. GOSR detèmine pou ke rekiperasyon lojman reprezante bezwen ki pi pa satisfè nan kominote ki te afekte pa Ida yo. Aprè sa, ajans lan te prepare yon evalyasyon risk pou idantifye pi gwo bezwen pou diminye risk nan zòn katastwòf la. Yo te twouve ke dlo ak inondasyon poze pi gwo risk e kidonk diminye enpak inondasyon ta gen pi gwo enpak sou sekirite ak rezistans.

Ajans lan te itilize [Endis Vilnerabilite Sosyal](#) la pou mezire vilnerabilite ak enpak chanjman klimatik ak dezaz natirèl yo. Rechèch sa te montre ke kominote ki te gen pi plis domaj yo se sila yo ki te gen pi piti mwayen pou rekipere yo epi ke yo te bay mwens priyorite istorikman pandan rekiperasyon aprè katastwòf nan tan pase yo, tankou moun ki gen nivo Anglè ki limite ak rezidan ki gen revni ki fèb a modere yo.

Nan ka sa, GOSR ap mete finansman sibvansyon disponib pou divès pwogram rekiperasyon ak rezistans alontèm ki sible lokatè, pwopriyetè kay, ak pwopriyetè ak operatè lojman nan pri ki abòdab yo ak yon konsantrasyon sou rezidan ki gen revni ki fèb a modere yo. Pwogram yo ap ouvè pou konte ki pa nan Vil New York yo ak yon deklarasyon katastwòf prezidansyèl pou asistans endividyèl, ki enkli, Konte Dutchess, Nassau, Orange, Rockland, Suffolk, ak Westchester. Vil New York te resevwa pwòp alokasyon finansman Sibvansyon pou Rekiperasyon aprè Katastwòf Blòkk Devlopman Kominotè a (Community Development Block) ki soti nan HUD.

Pwogram sibvansyon yo pwopoze yo se:

Lojman rezistan pou lokatè

Pwogram sa ta ankouraje lokatè yo reloje aprè kay yo domaje nan siklòn pandan y ap rete nan kominote yo lè yo bay sipò finansye pou lokatè yo garanti nouvo lojman ki an

sekirite epi ki estab. Li t ap bay asistans tou pou amelyore rezistans kay yo pou diminye risk inondasyon alavni.

Rekiperasyon ak ranbousman lojman

Pwogram sa ta investi nan reparasyon domaj apre katastwòf nan kay rezidansyèl yo ak / oswa ranbousman pou reparasyon ki fèt yo. Li t ap mete anplas tou mezi rezistans ki genyen ladan yo sistèm mekanik ki leve, diminisyon risk elektrik ak plonbri, ouvèti pou inondasyon, ak tiyo anti retou.

Rezistans pou lojman nan pri abòdab yo

Pwogram sa ta investi nan mezi diminisyon risk ak amelyorasyon rezistans nan konplèks lojman plizyè fanmi piblik ak nan pri abòdab yo, epi devlope lojman nan pri abòdab kote sa fezab. Pwojè yo ta genyen ladan yo imèb ki fòtifye kont inondasyon, jeneratris ijans, sistèm retansyon dlo, ak amelyorasyon drenaj.

Investisman nan rezistans

Pwogram sa ta investi nan gouvènman lokal yo pou eksplwate pi byen opòtinite finansman siplemantè yo pou diminisyon risk ak enfrastrikti amelyorasyon rezistans yo. Li t ap sipòte tou kreyasyon plan dijans ak etid pou ede kominote yo ekipe pi byen pou reziste kont evènman alavni yo.

Senatè Charles E. Schumer te deklare, "Ouragan Ida te devaste kominote atravè New York yo ki lakoz plizyè milyon domaj nan wout, biznis, ak plizyè santèn kay. Mwen te jwe syèl ak tè pou livre plizyè milyon finansman federal pou bay fanmi ak kominote nan Vil New York ak Hudson Valley yo sipò yo bezwen pou rekipere epi rekonstui pi solid. Mwen aplodi Gouvènè Hochul paske li mete lajan sa yo travay pou ede rann kominote nou yo pi rezistan epi mete moun sou wout retablisman."

Reprezantan Gregory Meeks, te deklare, "Ouragan Ida ak siklòn katastwofik pase yo ki te devaste kominote nan distri mwen an ak atravè Eta New York te rann enpak devastatè kriz klimatik la klè. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul dèske li atribye finansman federal pou ede kominote yo rekonstui epi rekipere apre Ouragan Ida. Li enpòtan anpil pou nou kontinye investi nan efò rezistans kont tanpèt yo epi mete anplas politik anviwònman ki pi solid k ap diminye risk efè move tan yo."

Reprezantan Sean Patrick Maloney te deklare, "Ouragan Ida te pote yon kou ki devastatè sou Hudson Valley, ki domaje plis pase 11,000 kay nan rejyon nou an. Pandan ane ki pase a, mwen te travay pou sekirize finansman siplemantè epi sipòte pou rekonstui, epi mwen rekonesan a Gouvènè Hochul dèske li itilize resous federal sa yo ke mwen te vote pou pouvwa pou rekonstui epi rekipere. Pandan tanpèt konsa ap kontinye vini pi souvan akòz chanjman klimatik la, konstui kominote ki rezistan ap enpòtan anpil."

George Latimer, ki se Chèf Egzekitif Konte Westchester, te deklare, "Chanjman klimatik la reyèl epi nan Konte Westchester li la, epi kounye a. Mwen aplodi Gouvènè Kathy Hochul pou lidèchip li nan ede New York rekipere apre Ouragan Ida, ak paske li pran mezi pou amelyore enfrastrikti, espesyalman bay kominote ki defavorize

istorikman yo priyorite epi konsantre sou lokatè ansanm ak pwopriyetè kay yo. Isit la nan Konte Westchester, tout rezidan nou yo konnen twò byen enpak douloure epi ak domaj tanpèt yo, kidonk li enperatif pou nou amelyore rezistans pou diminye risk yo alavni."

Konsènan Biwo Rekiperasyon apre Katastwòf Gouvènè a

GOSR te etabli nan mwa jen 2013 pou kowòdone efò rekiperasyon nan tout eta pou gwo tanpèt Sandy, Siklòn Irene, ak Tanpèt Twopikal Lee. Pi resaman, GOSR ap kowòdone tou efò rekiperasyon ak rezistans pou Ouragan Ida.

Atravè pwogram Rekiperasyon Lojman, Ti Biznis, Rekonstriksyon Kominotè, pwogram Enfrastrikti ak pwogram Rekonstriksyon apati Konsepsyon yo, GOSR ap envesti 4.5 milya dola nan Sibvansyon Finansman pou Rekiperasyon apre Katastwòf, Blòk Devlopman Kominotè federal pou prepare New York pi byen pou move tan ekstrèm yo. GOSR ap eksplwate tou fon Sibvansyon pou Kowonaviris, Blòk Devlopman Kominotè yo (Community Development Block Grant-Coronavirus, CDBG-CV) pou antre pwogram pilòt Kay ki Sen Mount Vernon lan pou repare kay ki afekte pa kriz egou vil la. Plis enfòmasyon sou GOSR ak pwogram li yo disponib sou <http://stormrecovery.ny.gov/>.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418